# ҚАЗАҚ ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ПРОЗАСЫ ЖАНРЛАРЫНЫҢ КЛАССИФИКАЦИЯСЫ

**Жуманазарова Гулбадам Досназаровна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис*

Фольклордың әдебияттан eң басль өзгешелиги оның аўызеки жасаўы, оның авторының көпшилик болыўы, вариантлылығы, аўызеки тараўы, аўызеки туўылыўы, усы ең баслы өзгешелиги деген белгилериниң барлығы әдебият пенен жақынласпайды. Усы өзгешеликлери фольклордың барлық жанрларында көринеди. Н.Дәўқараев жоқарыдағы әдебияттың үш тараўға (лирика, эпика, драма) бөлиниўин фольклорға да пайдаланып, фольклорды эпикалық ҳәм лирикалық, драмалық (қарақалпақ фольклорында элементлери туўылған) [14, 68] деп үш тараўға бөлип, «тараўдан кейинги бөлиниўлерди, жанр» дейди де, «жанрдың ишиндеги бөлиниўлерди «түр» [14, 69] деп пикир жүргизеди. Фольклорда усы тараўлар менен жанрлардың, оның түрлериниң жасаўы ҳәр бир халықтың жәмийетлик, сиясий, тарийхый жасаў жағдайына байланыслы ҳәр түрли көринеди.

Ҳәр жанрдың туўылған ўақыты бар. Фольклорлық жанрдың өзгешелиги ол жасап өткен жәмийетлик турмыстың мазмунын өзинде сақлап алға қарай жылыса береди. Ең әййемги адам баласының дүньяның қубылысларын еле түсине алмай атырған ўақытлары аўыз әдебиятта пайда болған жанр миф. Буннан соңғы дәўирлерде пайда болған жанрлар аңыз, әпсана, тарихый гүрриңлер ҳәм т.б. Ал, усы тарийхый аңызлар менен әпсаналар халық тарийхының аўызеки халық ядында сақланып аўызеки айтылып келген түри.

Дүнья фольклортаныў илиминде ең тартыслы жанрлардың бири ертеклик емес прозасы. Халық прозасының улыўма аты, жанрлары бойынша пикир бүгинги күнге шекем бир шешимге келген жоқ. Рус фольклористика илиминде «сказочная проза» (буған ертеклер киреди), «несказочная проза» (буған легенда, предание, быль, сказ) деп халық прозасын еки түрге бөлип қарайды ҳәм (В.Я.Пропп, Л.Э.Элиасов, Л.И.Емельянов, С.Н.Азбелов, В.П.Аникин, Н.И.Кравцов, К.И.Чистов, В.Е.Гусев, Л.И.Емельянов, К.В.Чистов ҳәм т.б.) изертледи. Усы жанрларды классификация етиўде пайдаланатуғын тийкарғы принциптиң өзи ҳәр түрли.

Ал, бизге ең жақын туўысқан қазақ фольклористика илиминде ертеклер менен ертеклик емес прозаны улыўма «халық прозасы» деп алған. Қазақ фольклортаныўшысы С.Қасқабасовтың «Қазақ халық прозасы» мийнетинде халық прозасын еки топқа бөледи: 1. Ертеклик проза. 2. Ертеклик емес проза. Биринشиси, ертеклик прозаға ертек жанрын киргизип үйренеди, ал, екинши ертеклик емес прозаға: миф, хикая, аңыз, әпсана, әңгимелерди киргизеди. С.Қасқабасов мифти «қалдық ҳалында сақланып қалған миф жанры» деп, оны халық прозасының бир жанры сыпатында қарайды [15, 73-110]. Халық прозасын классификация жасаўда С.Қасқабасов Пропптың классификациясына тийкарланады [16].

Қарақалпақ халық аўыз әдебияты Н.Дәўқараевтың классификациясы бойынша лирикалық ҳәм эпикалық деп еки үлкен түрге бөлиў дурыс деп есаплаймыз. Усылай бөлистиргенде аңыз, әпсана, легендалар (әпсана) эпикалық жанрға жатады.

Қ.Мақсетовтың классификациясы бойынша аңыз, әпсаналар «прозалық жанрлар» тобына киреди. Ал, прозалық жанрлардың ишинде ертеклерде бар, ал ертеклик прозаға жатпайтуғын, жанрлық қәсийети бойынша улыўма ертеклерге кирмейтуғын халық аңыз, әпсаналар тобына қандай ат бериўге болады деген сораў туўады. Европа фольклористикасында, сондай-ақ рус фольклористика илиминде буны «халық прозасы», гейде «ертеклик емес проза» деп, ал қазақ фольклористлери де рус фольклористлериниң изи менен «ертеклик емес проза» деп, ал өзбек фольклористлери буны улыўма «аўызеки проза» деп қарайды. Мине, көрип отырғанымыздай халық прозасының бул тобына ат қойыў ҳәр халықта ҳәр түрли.

Ал, қарақалпақ фольклортаныў илиминде көбинесе ертеклердиң бир түри ретинде қарап, бул топтың улыўма аты жөнинде сөз болмады. Халық прозасының бул түри ертеклердиң бир түри емес екенлиги анық. Ал «халық прозасы» термини де бул топтың мазмунын аша алмайды, себеби халық прозасына ертеклер де киреди. Енди улыўма «халық прозасы» деп барлық қара сөз бенен атқарылатуғын жанрларды атаў улыўма фольклордың бул тараўының мазмунын аша алады. Усы халық прозасын «ертеклик халық прозасы», «ертеклик емес халық прозасы» деп бөлип, соның «ертеклик емес» деген тараўын аңыз, әпсана, рәўият, миф, анекдот, халық гүрриңлери киретуғынына даў жоқ. Сонда биз баслы критерия етип, ертектиң дәстүри менен айтылыўын ҳәм ертек дәстүри пайдаланбаўын алған боламыз. Бул мазмунына толық жуўап береди. Бирақ, жанрдың бул тобының баслы өзгешелиги тек ертек дәстүри ғана айырып турған

жоқ, оның баслы жанрлық қәсийети шығарманың турмыс шынлығы, фактке, болған ўақыяға тийкарланыўы. Жанрдың атамасында оның болған ўақыядан пайда болып, соң халық гүррин̧ине айналғаны көриниўи керек деп ойлаймыз.

Дүнья фольклористика илиминде аўызеки халық творчествосының жанрларын илимий көзқарастан классификация етиўде жанрдың туўысқанлық, генетикалық келип шығыў белгилерин, идеялық, сюжетлик мотивлериндеги, композициялық қурылысындағы, көркемлик формаларындағы жақын, қайталанатуғын белгилерин группаларға бөлип, оның жәмийетте алатуғын орнын, функциясын, вариантлылығын, атқарылыўын ҳәм т.б. белгилерин есапқа алып анықлайды.

Фольклордың бул жанрлық тобының баслы өзгешелиги халық турмысында болып өткен ўақыялар, халықтың өзин қоршаған орталығы, турмысы, тарийхый адамлары, урыўлардың, халықлардың келип шығыўы тарийхы ҳаққында өзиниң ойлары, яғный турмыс шынлығында болған, ямаса жасап атырған ўақыя жөнинде өзиниң пикири бул жанрдың негизинде турады. Екинши өзгешелиги сол болған ўақыяларға қыялый фантастикалық элементлердиң аз араластырыўы, шынлықтың сөз етилиўин сақлаў биринши планда турыўы. Сюжеттиң айтылыўы, қандай жерде айтылыўы, қалай атқарылыўы, ким тәрепинен атқарылўы, халық арасына қалай таралыўы. Усы өзгешеликлери жанрдың ең баслы өзгешелигине киреди.

Демек, жанрдың баслы өзгешелиги шынлыққа, фактке, болған ўақыяға тийкарланыўы, ал тыңлаўшыны болған ўақыяға исендириўи. Ал, ертеклерде бул принцип талап етилмейди. Ертектиң тийкарында фантастикалық ўақыялар менен болған ўақыя аралас болып келиўи де мүмкин, бирақ ертектен тарийхый шынлық ҳәм оған исендириў талап етилмейди. Ертеклер өзиниң дәстүрли «бир бар екен, бир жоқ екен» деп басланып, «соңында мурат мақсетине жетипти» деп тамамланса, ал ертеклик емес прозада бул пүтини менен көринбейди. Ол шынлыққа, фактке, болған ўақыяға тийкарланғанлықтан оның басланыўы да, тамамланыўы да ҳәр бир ўақыяның характерине қарап ҳәр түрли болып келеди.

Қарақалпақ халық прозасын жанрлық классификация етиўде баслы шәртлери етип жанрдың жәмийеттеги орнын ҳәм жанрдың атқаратуғын хызметин алыў керек. Халық прозасының ең баслы критерияларының бири оның тыңлаўшыға билим бериўи, тәрбия, үлги болатуғын ўақыяларды сөйлеўи. Ол басқа жанрларда бар эстетикалық принципти екинши планға шығарып, биринши орынға мағлыўмат, факт, информация бериўди қояды және сол шынлықтан сабақ, тәрбия алыўын көзде тутады. Эстетикалық күши оннан соң көринеди. Екиншиден, онда айтылған сюжетлердиң барлығының дереги, факт, турмыс шынлығы менен байланыслы болып келеди. Үшинши өзгешелиги, гүррин̧ши айтып отырған ўақыяны көрген, ямаса еситкен болады, сол арқалы тыңлаўшысының исенимине ийе болады, яғный айтып отырған материалдың турмыс шынлығынан алыныўы. Төртинши өзгешелиги гүррин̧ши халық арасынан шыққан профессионал ертекши ямаса сөзге шебер адамлар менен бирге қарапайым адамларда оны атқарыўға қатнаса алады, яғный аңызлық прозаның атқарылыўына, халық арасына таралыўына улыўма халық қатнаса алады. Бесинши өзгешелиги, аңызлық прозаны атқарыў ушын арнаўлы аудитория талап етилмейди, ол еки адамдың пикир алысқан жеринде, жыйында, жолда, ошақ басында атқарыла береди. Алтыншы өзгешелиги, гүррин̧шиниң айтып отырған материалға көркемлилигин бериўде әпиўайылығы, ўақыяны бөрттириў, гиперболизациялаў бунда жүдә аз көринеди. Жетинши өзгешелиги, халық аңыз, әпсаналарының турмысшаңлығы, ол барқулла тазадан пайда болып бурынғыларын байытып отырыўы. Мине, усы өзгешеликлери менен халық прозасының бул түри басқа жанрлардан толығы менен өзгешеленеди.

Қарақалпақ халқы аўызеки әдебиятына, әсиресе усы аўызеки прозасы бай халық. Қарақалпақ аўызеки прозасы Шығыс пенен Батыстың аўызеки прозасында бар дәстүрлери, сюжетлери менен жанрларын өзине қабыл ете алған, соның менен бирге әййемги дәўир фольклорлық үлгилери менен орта әсирдеги ҳәм жаңа дәўирдеги барлық халық турмысында болған ўақыяға байланыслы пайда болған аўызеки әңгимелерин сақлап келген мазмуны бойынша бай ҳәм ҳәр түрли формасына ийе жанр. Қарақалпақ аңызлық прозасын мазмунына, генеология шығысы, идеялық мазмуны, әсирлер бойы қәлиплескен традициясы, сюжетлик мотивлериниң бирлиги, атқарылыў өзгешелиги, хақыйқатлықты айтыўда сүўретлеўдиң бирлигине қарап, тийкарынан төмендегидей топларға бөлиўге болады:

1. Биринши тобына бизиң ата бабаларымыздың ең әййемги дәўирдеги тәбияттың сырын, тәбияттағы физикалық өзгерислерди өзиниң сада түсиниги менен түсиндириў ушын ойлап тапқан гүррин̧лери, яғный фольклортаныў илиминде оны «мифлер» деп атайды. Буны рус фольклористлери «быличка» деп, қазақ фольклористлери «ҳикая» (С.Қасқабасов), «болмыс» (Р.Бердибаев) деп атайды.

2. Бул аңызлар. Аңыз бул атынан көринип турғанындай тыңлаўшыға бурын болған аңызға айналып кеткен тарийхый ўақыялар, тарийхый адамлар, тарийхый жер атлары ҳаққында әңгиме.

Аңыздың баслы өзгешелиги болған ўақыяны хабарлаў, сол ўақыяның тәрбиялық әҳмийетине кеўил бөлиў.

Аңызда (предание) бир жердиң, таў, суў ҳәм т.б. географиялық жер атларының, я болмаса урыўдың, халықтың келип шығыўы ҳаққында айтылады. Буған барлық нәрсениң келип шығыўы, мысалы жыраў, бақсы намаларының келип шығыўы, шайырлардың шығармаларының жазылыўы, тарийхый адамлардың өмирбаянлары, хызмети ҳаққында халық аңызлары киреди.

3. Сюжети ески заманларда болған ўақыяны тыңлаўшыға қызықлы етип айтып бериўди мақсет ететуғын, фантастикалық элементлери көбирек қосылған, китабий, диний пайғамбарлардың, өткен тарийхый адамлардың өмири ҳаққындағы сюжетлерге қыялый сюжетлер менен араластырылып, шығарманың тыңлаўшы тәрепинен қабыл етилиўине ажайыплық, гиперболизациялық тәрепи күшейтилип берилген халық гүрриңлери-әпсаналар болады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Поездка из Орска в Хиву и обратно, совершенная 1740-41 гг. поручиком Гладышевым и геодезистом Муравиным //Географические известия, СПб, 1850.
2. Риза-Кули-Мирза. Краткий очерк Амударьинской области. СПб, 1875.
3. Рычков П. Топография Оренбургской губернии. Сочинения и переводы Оренбург, Отд. Русско-географ. Об-ва, Оренбург, 1887.
4. Каразин Н. Сказка о женском царстве.//Древняя и новая Россия. Т.3. 1875.
5. Вамбери А. Путешествие по Средней Азии. – М., 1874.
6. Валиханов Ч. Сочинения, записи Русского географического общества по отделению этнографии. Т.XXIX, СПб, 1904.
7. Кун А.Л. Поездка по Хивинскому ханству в 1873 г. //Известия Русского географического общества. Т.Х. СПб, 1874.
8. Беляев И.А. Шежире. Сказание о Шынгызхане // Протоколы заседаний и сообщений членов Закаспийского кружка любителей археологии и истории Востока. Вып. 1. – Ашхабад, 1917.
9. Ўалиханов Ш. Шығармалар жыйнағы. Т.1. – Алматы, 1961. – Б. 196.
10. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 1977. – Б. 61-71.
11. Айымбетов Қ. Қарақалпақ халық нақыл-мақалларының қысқаша түсиндирме сөзлиги хәм жүйели сөзлер. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2007.
12. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 1988.
13. Айымбетов Қ., Кожуров О. Қарақалпақ әдебиятының түрлери //Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусст-восы. – Төткүл, 1939. – № 4-5.
14. Мақсетов Қ., Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.
15. Каскабасов С. Казахская несказочная проза. – Алмата. 1990.
16. Қасқабасов С. Қазақ халық прозасы. – Алматы: «Ғылым», 1984.